

# Konnen Dwa Ou Yo!

KNOW  
YOUR  
RIGHTS

## Èske yon Ajan Rekouvremant kapab pran Lajan sou Kont Bankè Mwen?

Nou tout genyen dwa lè se zafè koleksyon dèt k ap regle, anba lwa Eta ak federal la.

An jeneral, ajan rekouvremant yo pa kapab pran lajan ou si ou sèl revni ou se prestasyon gouvènman yo. An efè, akòz lwa federal la, majorite prestasyon yo legalman "egzonere" nan koleksyon dèt la.

Epi si w ap viv nan Eta New York, ou genyen dwa ak pwoteksyon adisyonèl, anba lwa Eta.\*

Men kòman li fonksyone:

- Ajan rekouvremant yo pa kapab pran lajan sou kont bankè ou, si kont ou an genyen sèlman prestasyon gouvènman
- Anplis, ajan rekouvremant yo pa kapab pran lajan sou kont ou oubyen menm "freeze" (jele) kont ou an si:
  - Ou genyen \$3,840 oubyen mwens sou kont ou, epi kont lan pa genyen okenn prestasyon gouvènman — oubyen —
  - Ou genyen \$3,000 oubyen mwens sou kont lan kont lan genyen avantaj gouvènman (menm si kont ou an genyen tou revni ki soti nan lòt sous, tankou salè yo).

\*New York te adopte Lwa sou Pwoteksyon Revni Egzonere an 2008 pou anpeche ajan rekouvremant yo kite New York san ase lajan pou kouvri bezwen debaz yo.

**Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Liy Asistans NYC Financial Justice: 212-925-4929**

**Liy asistans lan founi konsèy jiridik pou rezidan NYC a fèb revni yo.**

**Lè Liy Asistans yo: L 4-6 pm | Ma, Mè, Je 12-2 pm**



Jwenn plis enfòmasyon sou Konnen Dwa ou pou Abitan New York  
yo [fjhotline.nyc](https://www.fjhotline.nyc)

Depliyen sa gen entansyon pou founi enfòmasyon jeneral bay Abitan New York yo, epi yo pa bay li antanke konsèy jiridik.

New Economy Project ap jere Liy Asistans Jistis Finansyèl NYC a, yon liy asistans jiridik gratis pou Abitan New York ki gen revni fèb yo. Misyon New Economy Project se pou bati yon ekonomi ekitab ki fonksyone pou tout moun, ki anrasine nan jistis rasyal ak jan, kowoperasyon, ekite katye ak dirabilite ekolojik.

© 2024 New Economy Project | [neweconomynyc.org](https://www.neweconomynyc.org)

